

BAB 1 **BUBUKA**

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa miboga ideu pikeun ngébrehkeun pamikiran ngaliwatan wujud tulisan dina wangun puisi, novél jeung carita pondok ku matalikeun hiji jalma pikeun mekarkeun komunikasi jeung interaksi sapopoé sacara tinulis, contona surat, e-mail, jeung pesen anu singget.

Unggal komunikasi jeung interaksi basa miboga kaparigelan basa, anu ngawengku opat bagian, nyaéta kaparigelan nyarita, maca, nulis, jeung ngaregepkeun. Basa nya éta hiji sistem lambang sora nu arbitrér nepi ka sakumna jalma dina budayana atawa sing saha baé nu geus ngulik éta sistem budaya tea bisa gaul atawa komunikasi (Sudaryat, 2014). Minangka hiji sistem, basa téh boga dua sipat, nya éta sistematis jeung sitemis. Basa téh disebut arbitré尔 lantaran hubungan antara lambang sora jeung acuanana henteu logis, sakarep panyaturna atawa manasuka.

Basa téh digunakeun ku manusa pikeun alat komunikasi atawa patali marga di antara anggota masarakatna. Lebah dieu, basa téh boga fungsi utama jadi alat komunikasi. Dina enas-enas, komunikasi téh nepikeun pesan (rasa, pikiran, jeung kahayang) ti pangarim (panyatur atawa panulis) ka panampa (pamiarsa atawa pamaca) ngaliwatan medium basa.

Kaparigelan dina ngagunakeun basa nalika komunikasi gumantung kana kalimah anu digunakeunana. Wujud struktur kalimah nyaéta pola kecap-kecap anu disusun dumasar aturan-aturan tata kalimah. Sedengkeun eusi kalimah mangrupa gagasan anu diwagun ku susunan konsep nu aya dina kecap-kecap (Septianingtias, 2015, kc. 42). Umumna, kalimah digunakeun ku panyatur pikeun ngebrébréhkeun gagasan, kahayang, rasa, eusi pikiran, émosi, jeung salaku alat komunikasi. Kalimah anu stukturna hadé tangtu ngabogaan salah sahiji harti (Septianingtias, 2015, kc. 43).

Kalimah nya èta kecap runtulan anu ngandung pikiran sagemblengna tina hiji wacana, relatif bisa madeg mandiri sarta diwatesan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naek (Kuswari & Hernawan, 2014, kc. 86). Dina fungsina dina komunikasi, kalimah tèh dibagi tilu, nya èta kalimah wawaran,

pananya, jeung paréntah. Kalimah parentah nya éta kalimah anu fungsina pikeun nitah batur atawa jalma lian sangkan ngalakukeun hiji pagawèan.

Masualkeun kalimah paréntah moal leupas tina pangajaran sintaksis. Sintaksis mangrupa salahsahiji tina tilu cabang semiotik atawa élmu tanda nu nalungtik relasi formal tanda-tanda. Dua cabang semiotik atawa elmu tanda nu naluntik relasi formal tanda-tanda. Dua cabang semiotik séjéenna nya éta pragmatik nu nalungtik tanda-tanda jeung panapsirna jeung semantik nu nalungtik relasi tanda-tanda jeung objékna. Ieu panalungtikan ogé patali sareng jeung pragmatik. Nurutkeun (Sudaryat, 2016, kc. 89) pragmatik téh mangrupa dahan semiotik anu maluruh harmonis henteuna patalina adegan basa jeung makéna basa, nepi kapanggih cara pamiarsa napsirkeun ma'na ti panyatur katut ma'na konteks situasi.

Saperti anu geus dipedar diluhur, kalimah paréntah téh patali jeung basa salaku alat komunikasi nu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa, nu bisa ngebréhkeun rasa, pikiran jeung kahayang manusa. Sakumaha pamadegan (Sudaryat, 2014) basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa kalawan puguh èntèp seureuhna (sistematis) tur ragem (konvesional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Kalimah paréntah digunakeun pikeun maréntahkeun batur ngalakukeun naon anu ditetela dina kalimah paréntah éta. Kalimah paréntah anu ngalakukeun respon dina bentuk tindakan ti jalma anu diajak ngobrol. Dumasar kana struktur kalimah susunanna, tiasa diklasifikasikeun kana opat kelompok nya éta, kalimah paréntah anu sabernera, kalimah persilahan, kalimah ajakan, kalimah larangan (Fitriani ,2013, kc. 21-25). Sedengkeun nurutkeun (Rahmawati, 2012, kc. 73) wujud kalimah paréntah dibedakeun jadi kalimah paréntah anu lemes jeung kalimah paréntah anu kasar.

Urang Sunda nalika ngedalkeun hiji kahayang anu maksudna pikeun maréntah teu salawasna ngagunakeun kalimah paréntah. Ieu tujuanna sangkan karasa lemes nepi ka anu diajak nyarita teu karasa dititah (Fitriani, 2013). Kasus saperti kieu bisa ditingali dina kahirupan sapopoé, upama dina dina karya sastra bisa dititénan dina wangun novél. Dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi aya kalimah paréntah anu dikedalkeun sacara langsung atawa diébréhkeun teu ngangunakeun kalimah paréntah. Ieu hal jadi alesan panalungtik dina milih objék pikeun panalungtikan.

Samsoedi salah sahiji pangarang anu ngahususkeun diri nulis carita-carita barudak. Taun 1933 ngaran Samsoedi dijadikeun ngaran hadiah pikeun buku bacaan barudak dina basa Sunda. Karyana anu judulna *Budak Teuneung* nyaritakeun saurang budak yatim anu hirup jeung indungna di imah anu leutik. Dina eusi caritana, éta novél maluruh pasualan sosial dina kahirupan kulawarga di desa. To oh utamana nyaéta Warji anu hirup jeung indungna di desa.

Dina novél *Budak Teuneung* medar sagala paristiwa anu hadé sarta ieu novél ogé dilengkepan ku gambar-gambar anu ngawewegan eusi carita, jeung loba nilai moral anu ditepikeun dina ieu novél. Kekecapan dina novél *Budak Teuneung* téh aya ogé basa anu kurang kaharti ku budak leutik. Alur dina novél ieu maju.

Panalungtikan ieu pikeun ngabuktikeun yén adegan pragmatis kalimah paréntah teh bisa kapanggih dina novél, leuwih hususna téh nyaéta dina novél Budak Teuneung karya Samsoedi. Patali jeung kalimah paréntah, panalungtikan ngeunaan kalimah paréntah kungsi dilaksankeun ku Aryani Purbasari dina taun 2018 nalungtik ngeunaan “adegan pragmatis kalimah paréntah dina kumpulan carpon *Dukun Lepus Karangan Ahmad Bakri*” hal anu ditalungtik ngeunaan wangu kalimah paréntah, eusi kalimah parentah dumasar adegan, wanda, jeung ma’na pragmatis.

Panalungtikan diluhur mibanda sasaruaan tur bébédana jeung panalungtikan anu rék dilaksanakeun, nya éta sasaruaan didieu ieu panalungtikan medar ngeunaan adégan, wanda jeung ngeunaan wanda pragmatis kalimah paréntah, sarta sumber datana béda. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “ Kalimah Paréntah dina Novél Budak Teuneung Karya Samsoedi” masih perlu dilakasanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Sangkan teu lega teuing jeung leuwih museur kana masalah nu ditalungtik, ngawengku struktur jeung pragmatik. Struktur adegan dumasar kana pola - pola anu ngawengku pola jejer (jejer), caritaan (C), Udagan (U), panglengkep (P), jeung keterangan (K), Wanda pragmatis kalimah paréntah dumasar kana sipat jeung wujud omongan diantarana nyaéta, kalimah paréntah omongan langsung, kalimah paréntah omongan teu langsung, kalimah paréntah langsung literal, jeung kalimah omongan langsung teu langsung literal. Wujud pragmatis kalimah paréntah aya 13

nyaéta, panjurung, panitah, paménta, pamaksa, pangharepan, panyarék, pangajak, panggeuri, pangbagea, anjura, panggentra, pangwawadi, panganteb

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, aya sababaraha masalah anu dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Adegan kalimah paréntah naon waé anu kapanggih dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi?
- b. Kumaha wanda pragmatis kalimah paréntah anu kapanggih dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi?
- c. Kumaha wujud pragmatis kalimah paréntah dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadeskripsiun struktur jeung kalimah paréntah dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadeskripsiun:

- a. Adegan kalimah paréntah anu kapanggih dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi;
- b. Wanda pragmatis kalimah paréntah anu kapanggih dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi; jeung
- c. Wujud pragmatis kalimah paréntah dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat pikeun nambahann pangaweruh ngeunaan struktur jeung kalimah paréntah dina novél *Budak Teuneung*. Salian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun

ngeuyeuban élmu katatabasaan basa sunda, hususna dina widang sintaksis jeung pragamatik.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep mibanda mangpaat pikeun sababaraha pihak, diantarana;

- a. Pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi data pribadi jeung pangaweruh keur nu nalungtik ngeunaan adegan kalimah paréntah anu kapanggil dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi.
- b. Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep mibanda sangkan masarakat apal kana Wanda, Adegan jeung wujud pragmatis kalimah paréntah anu aya dina novél *Budak Teuneung* karya Samsoedi.
- c. Pikeun panalungtik séjén, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi réferensi dina nalungtik struktur jeung pragmatik kalimah paréntah.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan disusun jadi lima bab, nyaeta: Bab 1 Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan nu patali jeung kalimah parentah dina novél *Budak Teuneung*.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan ulikan pragmatik kalimah paréntah nu medar ngeunaan kalimah, pragmatik, kalimah parentah, adegan kalimah paréntah, wanda pragmatis kalimah paréntah, jeung wujud pragmatis kalimah paréntah.

Bab III Metode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data instrument panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngeunaan analisis data kalimah paréntah dina novél *Budak Teuneung*, anu ngawengku adegan kalimah paréntah, wanda jeung wujud pragmatis kalimah paréntah.

Bab V kacindekan, implikasi, rékomendasi eusina ngeunaan kacindekan nu mangrupa jawaban tina pasualan nu aya dina rumusan masalah. Rékomendasi atawa

saran anu ditepikeun ku panulis pikeun panalungtikan séjén, sarta pikeun pamaca séjénna.